

**NILAI FILOSOFI SAJRONING TRADHISI NYAMBUNG TUWUH
ING KECAMATAN NGUNUT KABUPATEN TULUNGAGUNG**

IRNA DWI SUBEHTI

**S1 Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah (Jawa)
Fakultas Bahasa dan Seni
Universitas Negeri Surabaya**

Abstrak

Tradhisi minangka perangan saka kabudayan dhaerah kang ora bisa dipisahake karo panguripane manungsa ing masyarakat. Ing dhaerah Tulungagung uga nduweni sawijining tradhisi yaiku *Tradhisi Nyambung Tuwuuh Mantu* ing Desa Gilang Kecamatan Ngunut. *Nyambung Tuwuuh Mantu* nduweni teges nerusake uripe supaya tetep ana, kango nerusake keturunane.

Undheran sajroning panliten iki yaiku (1) kepriye mula bukane *Tradisi Nyambung Tuwuuh Mantu*, (2) kepriye tata rakite *Tradhisi Nyambung Tuwuuh Mantu*, (3) apa wae ubarampe lan maknane *Tradhisi Nyambung Tuwuuh Mantu*, sarta (4) kepriye nilai filosofi sajroning tradhisi *Nyambung Tuwuuh Mantu*. Panliten iki nduweni tujuwan umum yaiku menehi gegambaran ngenani *Tradhisi Slametan Nyambung Tuwuuh Mantu*, tujuwan mligine yaiku (1) njlentrehake mula bukane *Tradisi Nyambung Tuwuuh Mantu*, (2) njlentrehake tata rakite *Tradhisi Nyambung Tuwuuh Mantu*, (3) njlentrehake ubarampe lan maknane *Tradhisi Nyambung Tuwuuh Mantu*, lan (4) njlentrehake nilai filosofi sajroning tradhisi *Nyambung Tuwuuh Mantu*. Kanthi panliten iki dikarepake bisa dadi inventarisasi lan dhokumentasi budaya, supaya kabudayan Jawa mligine *Tradhisi Nyambung Tuwuuh* tansah lestari ing satengahe masyarakat.

Sajroning nganalisis data, panliti nggunakake teori lan konsep kang cundhuk. Kapisan yaiku ngenani makna sajroning ubarampe slametan nggunakake teori simbol miturut Turner (sajroning Endraswara, 2006:173). Kapindho ngenani nilai filosofi nggunakake panemune Saryono (2011). Kaping telu konsep tradhisi nggunakake panemune Yana (2012).

Panliten ngenani *Tradhisi Nyambung Tuwuuh Mantu* iki nggunakake ancangan panliten *deskriptif kualitatif*. Objek sajroning panliten yaiku ngenani *Tradhisi Nyambung Tuwuuh Mantu*. Papan panliten ana ing Kecamatan Ngunut, Kabupaten Tulungagung, mligine ing Desa Gilang. Data ing panliten iki awujud data lesan minangka data saka asiling wawancara lan rekaman karo narasumber, lan asil observasi ngenani *Tradhisi Nyambung Tuwuuh Mantu*. Dene data kang awujud dudu lesan kayata foto lan buku ngenani profil Desa Gilang. Data kasebut dijupuk kanthi nggunakake teknik observasi, wawancara, dan dhokumentasi. Ing panliten iki urutan sajroning ngolah data antara liya (1) *Open coding*; (2) *Axial coding*; (3) *Selective coding*.

Asiling panliten kang bisa kadudut yaiku: (1) kahanan masyarakat Desa Gilang bisa dideleng saka kahanan alam lan kahanan bebrayan; (2) mula bukane *Tradhisi Nyambung Tuwuuh Mantu*. Tradhisi kasebut mujudake warisan sacara turun temurun kang ora dimangerteni sacara gamblang mula bukane, nanging masyarakat tetep nglaksanakake slametan; (3) tata rakit sajroning *Tradhisi Nyambung Tuwuuh Mantu*, kang kawiwan saka persiapan (nemtokake dina lan nyiapake ubarampe kang diperlokake) ngantiadicara *Slametan Nyambung Tuwuuh Mantu*; (4) Ubarampe kang perlu dicepakake sajroning *Slametan Nyambung Tuwuuh Mantu* antara liya ambengan sega gurih, pitik ingkung, sambel goreng, kacang, srondheng, ambengan sega wara, jangan manggul, gedhang setangkep, kembang boreh, jenang abang, jenang sengkala, buceng kuwat, sega jemukan, sega golong, buceng papat, sekar setaman, lan jajan arak-arak. Ubarampe-ubarampe kasebut nduweni makna tartamtu; (5) Nilai filosofis kang kinandhut ing *Tradhisi Nyambung Tuwuuh Mantu* yaiku nilai *kemapanan, keselarasan, lan bebarengan*. Nilai kemapanan kayata nilai pepethen, keteraturan, lan keajegan. Nilai *keselarasan* disengkuyung dening nilai kejatmikan, kerukunan, kehormatan, lan nilai edi peni. Nilai bebarengan bisa diwujudake kanthi nilai kekeluargaan, tulung tinulung, kegotongroyongan, lan ketentreman.

PAMBUKA

Tradhisi minangka perangan saka kabudayan dhaerah kang ora bisa dipisahake karo panguripane manungsa ing masyarakat. Tradhisi yaiku *adat kebiasaan* kang turun temurun lan isih dilakoni dening masyarakat (Moeliono, 2001:1208). Sajroning tradhisi mesthi nduweni nilai budaya kang bisa didadekake pedhoman urip ing masyarakat.

Ing dhaerah Tulungagung uga nduweni tradhisi salah sawijine yaiku tradhisi nyambung tuwuuh kang ana ing Desa Gilang Kecamatan Ngunut. Tradhisi kasebut awujud slametan kang dianakake dening masyarakat nalika ana wong mbobot pitung sasi utawa diarani tingkepan lan nalika arep nduwe gawe, kaya dene nduwe gawe mantu lan sunatan. Ing panliten iki, tradhisi slametan nyambung tuwuuh kang ditliti diwatesi yaiku slametan nyambung tuwuuh ingadicara mantu. Slametan

iki dianakake sedina sadurunge acara temu manten utawa kang asring disebut manggulan.

Nyambung tuwu mantu nduweni teges yaiku nerusake uripe supaya tetep ana, kanggo nerusake keturunane (Mbah Sumar, 2 Februari 2013). Tata rakit sajroning slametan iki ora beda karo slametan liyane, nanging kang mbedakake slametan iki lan slametan liyane yaiku ubarampe kang digunakake luwih pepak. Tujuwan saka slametan nyambung tuwu iki yaiku supaya Gusti Kang Maha Asih paring kaslametan marang wong kang nduweni kajat lan supaya apa kang dadi sedyane kaleksanan kanthi lancar.

Ing panliten iki, kang kepengin ditliti yaiku *Tradhisi Slametan Nyambung Tuwu* mligini nyambung tuwu mantu amarga sangertine panliti durung ana kang nliti babagan slametan iki. Kapindho, amarga panliti uga saka dhaerah kang padha yaiku Desa Gilang, Kecamatan Ngunduh, mula panliti mangerteni banget kahanan bebrayan ing desa kono. Katelu, *Slametan Nyambung Tuwu Mantu* kasebut nggunakake ubarampe kang pepak tinimbang slametan liyane lan tetep ditindakake nganti tumekan saiki.

Andharan kasebut bisa dimangertenin yen panliten iki bakal katujokake marang mula bukane, tata cara *Slametan Nyambung Tuwu Mantu*, ubarampe lan nilai filosofine saka slametan kasebut. Mula saka iku, irah-irahan panliten iki yaiku “*Nilai Filosofi sajroning Tradhisi Nyambung Tuwu Mantu Ing Kecamatan Ngunduh, Kabupaten Tulungagung*”.

TINTINGAN KAPUSTAKAN

Konsep Kabudayan

Taylor (sajroning Danandjaja, 1984:6) ngandharake menawa kabudayan yaiku samubarang kang nyawiji kayata kawruh, kapercayan, seni, moral, ukum, adat, lan sakabehing kabisan sarta pakulinan kang diolehi manungsa minangka anggota bebrayan.

Miturut Koentjaraningrat (1997:2) perangan unsur-unsur universal kabudayan ana pitu antara liya (1) sistem religi lan upacara agama, (2) sistem lan *organisasi kemasyarakatan*, (3) sistem kawruh, (4) basa, (5) kesenian, (6) sistem pakaryan, (7) sistem *teknologi lan alat*. Unsur-unsur kasebut bisa diperang maneh dadi sub-sub unsur liyane. Urut-urutan unsur kasebut laras karo ukuran sepira gampange unsur kasebut kaprabawan dening kabudayan liya, kaya dene sistem religi kang suwe anggone owah, dene sistem *teknologi lan alat* cepet banget anggone owah manut perkembangane jaman.

Masyarakat lan Budaya Jawa

Masyarakat bisa ditegesi minangka saklompok manungsa kang urip sajroning dhaerah tartamtum, lan cukup suwi, sarta nduweni aturan-aturan kang ngatur

masyarakat kasebut kanggo nggayuh tujuan kang padha (Prasetya, 2009:36). Masyarakat kang urip ing tanah Jawa diarani masyarakat Jawa, jalanan manungsa Jawa yaiku saklompok manungsa kang manggon ing pulo Jawa, nduweni budaya Jawa kang luhur, sarta ngugemi lan ngleluri kabudayan Jawa. Saka masyarakat, kabudayan bisa tuwu, owah, lan ngrembaka. Kabudayan kang diripta dening masyarakat Jawa diarani kabudayan Jawa. Ing kene bisa dimangertenin yen antarane manungsa, masyarakat, lan kabudayan minangka *kesatuan* kang utuh lan ora bisa dipisahake, jalanan saka katelu unsur kasebut uripe makhluk sosial bisa lumaku.

Konsep Tradhisi

Kanggone wong Jawa, tradhisi slametan kang dianakake sacara turun tumurun yaiku minangka tahap awal sajroning nggayuh keslametan lan sabanjure ditindakake dening masyarakat Jawa tumuju *kesatuan* marang Gusti. Slametan minangka wujud *sosio-religiuse* wong Jawa, slametan iki ditindakake kanggo sarana sedhekah lan uga kanggo tolak balak kanggone wong kang nganakake tradhisi slametan kasebut. Tradhisi iki minangka gambaran yen manungsa kudu nduweni sesambungan kang apik karo lingkungan masyarakat lan alam sakupenge (Yana, 2012:47). Saliyane iku, sajroning tradhisi kang dianakake sacara turun tumurun ngandhut *aspek solidaritas primordial*, maksude yen masyarakat ora nindakake sawijining adat istiadat utawa tradhisi kasebut bakal dadi rasan-rasan tangga teparo (Yana, 2012:50)

Teori Simbol

Herusatoto (2005:10) ngandharake yen simbol yaiku sawijining kahanan minangka *media* kanggo mangertenin objek. Titikan kang mligi sajroning simbol miturut Turner ana telu yaiku (1) *multivokal*, tegese simbol nduweni teges kang akeh; (2) *polarisasi simbol*, jalanan simbol nduweni teges kang akeh saengga kerep ana teges simbol kang ora trep; (3) *unifikasi*, tegese nduweni teges terpisah.

Sajroning nganalisis makna simbol ing tumindak ritual, digunakake teori penafsiran kaya kang diandharake dening Turner, antara liya: (1) *Exegetical meaning*, yaiku makna saka informan ngenani tumindak ritual kang diamati; (2) *Operational meaning*, yaiku makna kang diolehi ora mung saka informan, nanging uga saka tumindak kang ditindakake ing ritual; (3) *Positional meaning*, yaiku makna kang diolehi saka nafsirake simbol kang ana gayutane karo simbol liyane. Katelu teori penafsiran kasebut trep yen digunakake bebarengan kanggo ngandharake makna lan fungsi simbol-simbol ritual (sajroning Endraswara, 2006:173).

Konsep Religi

Geertz (1989:6-8) merang jinis sistem religi kang dianut dening bebrayan Jawa dadi telung golongan yaiku abangan, santri, priyayi. Golongan abangan yaiku golongan kang uga nganut agama Islam nanging isih nglakoni upacara adat kayata slametan. Golongan santri yaiku golongan kang nganut agama Islam lan bener-bener nindhakake ajaran Islam. Dene golongan priyayi yaiku golongan kang luwih nengenake aspek Hindhuisme. Miturut golongan abangan, slametan nduweni teges dhewe-dhewe gumantung tema slametan kang dianakake. Ing sistem *keagamaan* kang dianut wong Jawa ana sawijining upacara kang sedherhana, resmi, sarta ngandhut rahasia yaiku slametan. Dadi tradhisi slametan mujudake bageyan saka sawijining kapitayan kang kalebu religi.

Konsep Filsafat

Istilah *filosofi* miturut basa Yunani asale saka tembung *philosophia*, philo tegese “tresna”, lan *sophia* tegese “kawicaksanan”, dadi bisa ditegesi tresna marang kawicaksanan (Hoesin, 1964:14 lan Pudjawijatna, 1965:1) (sajroning Mustopo, 1989:67). Tembung liya saka *filosofi* yaiku *filsafah*, *falsafah*, utawa *falsafat*, kang nduweni teges kawruh lan nliti kanthi akal budi ngenani hakekat samubarang kang ana.

Filsafat Jawa iku nyuguhake sawijining pedhoman urip. Miturut Sutrisno (sajroning Saryono, 2011:72), nilai *filosofis* Jawa minangka nilai kang kaiket dening samubarang kang bener lan kang pener, sarta diperlokake dening manungsa Jawa kanggo nggayuh kaslametan lan kasampurnane urip. Ing kene bisa dimangertené yen samubarang kang bener lan pener miturut *filosofis* Jawa yaiku *kemapanan*, *keselarasan*, lan bebarengan. Nilai kemapanan iki nduweni titikan kayata nilai pepethen, keteraturan, lan keajegan. Nilai keselarasan disengkuyung dening nilai kejatmikan, kerukunan, kehormatan, lan nilai edi peni. Nilai bebarengan iki bisa diwujudake kanthi nilai kekeluargaan, nilai tulung tinulung, nilai kegotongroyongan, lan nilai ketentreman.

Lelandhesan Teori lan Konsep

Sajroning nganalisis data, panliti nggunakake teori lan konsep kang cundhuk. Kapisan yaiku ngenani makna sajroning ubarampe slametan nggunakake teori simbol miturut Turner (sajroning Endraswara, 2006:173). Kapindho ngenani nilai filosofi nggunakake panemune Saryono (2011). Kaping telu konsep tradhisi nggunakake panemune Yana (2012).

METODE

Ancangan Panliten

Panliten ngenani *Tradhisi Nyambung Tuwuh Mantu* ing Desa Gilang, Kecamantan Ngunut, Kabupaten

Tulungagung iki nggunakake ancangan panliten *deskriptif kualitatif*. Miturut Bogdan lan Taylor (sajroning Moleong, 2011:4) ngandharake yen *metode kualitatif* iku minangka prosedur panliten kang ngasilake *data deskriptif* arupa tetembungan kang tinulis utawa lisan saka wong-wong lan tingkah laku kang dideleng. Kanthi panliten kualitatif, panliten ngenani *Tradhisi Nyambung Tuwuh Mantu* bisa dijlentrehake kanthi rowa. Mula saka iku, panliti ngupayakake ndheskipsekake sakabéh prakara kang ana gayutane karo *Tradhisi Nyambung Tuwuh Mantu* ing Desa Gilang, Kecamatan Ngunut.

Objek lan Papan Panliten

Kang dadi objek sajroning panliten iku yaiku ngenani *Tradhisi Nyambung Tuwuh* kang ana ingadicara mantu. Papan panliten iki dimligekake ing Desa Gilang, Kecamatan Ngunut, Kabupaten Tulungagung.

Sumber Data lan Data Panliten

Ing panliten iki, sumber data primer kang digunakake dening panliti awujud asiling wawancara karo *informan* ngenani *Tradhisi Nyambung Tuwuh Mantu*. Sawise oleh informasi saka para *informan* kasebut banjur bisa dikaji lan dibandhingake antarane katrangan *informan* siji lan sijine. Sumber data sekunder ing kene arupa asil dhokumentasi lan data ngenani profil Desa Gilang.

Data sajroning panliten iki awujud data lesan lan data dudu lesan. Data kang awujud lesan minangka data saka asiling wawancara lan rekaman karo narasumber, lan asil observasi ngenani *Tradhisi Nyambung Tuwuh Mantu*. Dene data kang awujud dudu lesan kayata foto lan buku ngenani profil Desa Gilang. Data kang awujud foto iki diasilake dening panliti dhewe kanthi ndeleng langsung prosesi *Tradhisi Nyambung Tuwuh Mantu*.

Instrumen Panliten

Ing panliten iki, panliti minangka punjering instrumen sajroning panliten. Panliten iki bakal nliti sakabéhane data kang ana gayutane karo tradhisi kasebut. Piranti kang lumrah digunakake kanggo golek data yaiku (1) *kamera digital* kanggo njupuk gambar, (2) *handphone* kanggo ngrekam nalika wawancara karo *informan*, (3) dhaftar pitakonan, kang digunakake kanggo pathokan nalika wawancara karo *informan*, (4) buku tulis lan piranti tulis, digunakake kanggo nyathet bab-bab kang wigati nalika nindakake panliten ing lapangan.

Teknik Ngumpulake Data

Ing panliten iki teknik ngumpulake data nggunakake teknik (1) Observasi, panliti nggunakake teknik observasi langsung yaiku panliti nekani langsung lan melu Slametan *Nyambung Tuwuh Mantu*; (2) Wawancara, panliti nggunakake teknik wawancara *terstruktur* lan ora *terstruktur*; (3) Dhokumentasi, ditindakake kanthi nekani

panggonan *Tradisi Nyambung Tuwuh Mantu*. Dhokumentasi kasebut arupa foto, rekaman swara, lan video.

Teknik Nganalisis Data

Ing panliten iki urutan sajroning ngolah data antara liya: (1) *Open coding*, ing kene panliti ngumpulake data lan informasi *Tradisi Nyambung Tuwuh Mantu* saka informan kanthi cara observasi, wawancara, lan dhokumentasi. (2) *Axial coding*, data kang ana sajroning panliten sawise dialih tulis banjur dipilah lan dipilih kanthi tliti lan dicocogake karo jinis-jinis kang dadi sasaran panliten. (3) *Selective coding*, nggolongan data adhedhasar prakara-prakara kang ana ing panliten, kaya dene makna sajroning ubarampe lan nilai filosofi *Tradisi Nyambung Tuwuh Mantu*. Ing kene panliti nggolongake data kanthi nganalisis data kasebut adhedhasar asiling wawancara karo informan. Kanthi nafsirake data bakal dimangeteni makna kang kinandhut saka data-data kang wis dikumpulake. Sawise iku banjur gawe dudutan, minangka asil kang pungkasan saka proses panliten. Dudutan digawe saka asil nganalisis data.

ANDHARAN ASILING PANLITEN

Kahanan Desa Gilang, Ngunut, Tulungagung

Sacara geografis Kabupaten Tulungagung dumunung ana ing $111^{\circ}43' - 112^{\circ}07' \text{BT}$ lan $7^{\circ}51' - 8^{\circ}18' \text{LS}$. Kabupaten Tulungagung wewatesan karo wilayah Kediri ing sisih lor, Trenggalek ing sisih kulon, Samudra Hindia ing sisih kidul, lan Blitar ing sisih wetan. Saliyane iku, ambane Kabupaten Tulungagung yaiku $1.150,41 \text{ km}^2$ (115.050 Ha) utawa 2,2 % saka jembare wilayah Provinsi Jawa Timur. Desa Gilang mujudake perangan saka Kecamatan Ngunut, kang dipilih kanggo papan panliten. Jarake Desa Gilang ing Kutha Tulungagung kurang luwih 14 km, lan jarak desa menyang kecamatan watara 4 km. Desa iki wewatesan karo Desa Kaliwungu ing sisih lor, Desa Ngunut ing sisih kulon, Desa Karangsari ing sisih kidul, lan Desa Buntaran ing sisih wetan (<http://organisasi.org/daftar-nama-kecamatan-kelurahan-desa-kodepos-di-kota-kabupaten-tulungagung-Jawa-timur-jatim>).

Kahanan bebrayan Desa Gilang, Ngunut, Tulungagung bisa dideleng saka cacahe pendhudhuk, pendhidhikan, pangupajiwa, agama lan kapitayan. Pendhudhuk Desa Gilang, cacahe 6601 wong kang dumadi saka 1996 KK, 3381 wong lanang lan 3220 wong wadon. Tingkat pendhidhikan pendhudhuk Desa Gilang kagolong wis maju, jalaran tingkat ekonomi kagolong sejahtera, bangunan sekolah kagolong layak, sarta kesadharan saka wong tuwa kanggo nyekolahake anake. Pangupajiwa pendhudhuk Desa Gilang maneka warna. kayata minangka tani, buruh tani, TKI, pengrajin industri

rumah tangga, tukang kayu/batu lan liyane. Pangupajiwa kang maneka werna kasebut mratandhani yen pendhudhuk Desa Gilang kalebu mapan lan perekonomiane bisa diarani cukup *sejahtera* kanggo nyukupi kabutuhan uripe. Akeh-akehe pendhudhuk Desa Gilang nganut agama Islam lan saperangan nganut agama Kristen-Katolik. Agama Islam kang dianut yaiku Islam abangan lan sisane agama Islam santri, saengga pendhudhuk Desa Gilang ora ninggalake warisan leluhur minangka sarana kanggo ngleluri budaya Jawa. Warisan leluhur kasebut arupa tradhisi-tradhisi slametan kang wis ana wiwit biyen kang dianakake nalika ana klairan, arep mantu, kepaten, lan sapanunggalane. Pendhudhuk Desa Gilang uga ana kang ora nduweni agama kang cetha. Wong kasebut diarani golongan *Kepercayaan kepada Tuhan YME*. Golongan kasebut luwih nengenake animisme lan dinamisme kang percaya marang barang ghaib lan makhluk alus.

Data etnografi kasebut uga nduweni sesambungan karo *Tradisi Nyambung Tuwuh Mantu* yaiku yen dideleng saka dununge, desa iki mujudake desa kang adoh saka kutha Tulungagung, mula pamikiran lan tindakane isih tradhisioal saengga ndadekake salah sawijining faktor panyengkuyung tetep anane *Tradisi Nyambung Tuwuh Mantu*. Kapindho yaiku pangupajiwa pendhudhuk Desa Gilang kang kalebu mapan lan perekonomiane bisa diarani cukup *sejahtera* kanggo nyukupi kabutuhan uripe. Slametan ditindakake minangka rasa syukur lan sarana kanggo sodakoh, jalaran wis oleh rejeki saka Gusti Kang Maha Kuwasa. Mula saka masyarakat tansah nganakake tradhisi-tradhisi kang ana ing dhaerah kasebut. Kaping telu yaiku agama lan kapitayan kang diugemi dening pendhudhuk. Ing desa iki agama kang paling akeh dianut dening warga yaiku agama Islam abangan. Islam abangan yaiku agama Islam kang isih nglakoni upacara adat kayata slametan kang dijangkepi sajen, tuladhane slametan wong mati, klairan, mantu, lsp. Agama kang dianut pendhudhuk Desa Gilang asipat sinkretisme, yaiku nganut agama Islam nanging isih kaprabawan agama Hindu-Budha.

Mula Bukane *Tradisi Nyambung Tuwuh Mantu*

Slametan *Nyambung Tuwuh Mantu* nduweni teges ngleluri kabudayan Jawi kanthi nggawe sodakohan kang tujuwane kanggo njaluk keslametan marang Gusti anggene arep nduwe gawe mantu, wiwit dina anggone mantu nganti salawase.

Tradisi Nyambung Tuwuh Mantu iki mula bukane ora ngerti kanthi gamblang lan ora bisa nyritakake sapa lan wiwit kapan ditindakake. Babagan iki kaya kang diandharake dening Mbah Sumar ing ngisor iki:

“Ya kuwi sumbere ngono kuwi, sing miwiti ya para leluhur, ora isa dimangerten iwiwi kapan lan

sapa sing miwiti, soale aku dhewe ngertine ya wis ket mbiyen, ya turun temurun ngono lho! Emmmm piye ya lek njikuk wektu wiwide jaman apa, merga ngene lho sakdurunge enek agama sing terakhir ki kan wis enek agama kang cukup persyaratan ya nganggo ngene iki, diomongne sing ninggal agama Hindu ya urung mesthi kaya mengkono, sing genah kuwi minangka wasiyat saka wong leluhur, para leluhur yen menehi wewarah marang anak putu diwujudake pasemon. Yen kuwi saka agama Hindu mesthine ya nganggo tembung kawi, lha kuwi nyatane ya nganggo tembung wantah njikuk tembung jarwa dasa. Dadi bisa diarani budaya utawa tanggapane wong kuna, yen di goleki sapa ya sing ngrintis awal? ya wis ora ketemu, mergane kuwi peninggalan, masiya akeh sing ora ngerti maksude tapi ya sik dilakoni". (Mbah Sumar, 27 April 2013)

Andharan ing dhuwur, bisa dimangertenin yen *Tradhisi Nyambung Tuwu Mantu* kaleksanan wiwit jaman biyen lan durung ana kang mangertenin mula bukane utawa asal-usule kanthi gamblang. Nanging, senajan ora mangertenin kanthi gamblang mula bukane *Slametan Nyambung Tuwu Mantu* masyarakat tetep nganakake.

Ing kene uga ana kang mastani yen slametan iki kawiwanan nalika ana anak turune Bapa Adam lan Ibu Hawa. Tradhisi kasebut dilaksanakake miturut pathokan itungan Taun Jawa utawa kang diarani Pasongdaren, itungan iki kawiwanan saka anane Ajisaka. Nalika jaman semana pendhuduk ing tanah Jawa isih nganut agama Hindu, banjur ngrembaka nganti tumekane agama Islam kang disebarake dening para Wali Sanga. Andharan kasebut nuduhake yen *Tradhisi Nyambung Tuwu Mantu* minangka asil saka akulturasi saka agama Islam lan agama sadurunge yaiku agama Hindu. Akulturasi kasebut banjur diterusake dening para Wali kanggo nyebarake agama Islam ing tanah Jawa. Sajroning nyebarake agama Islam, para Wali Sanga ora ninggalake kabudayan kang wis lumaku ing tanah Jawa, salah sijine yaiku tradhisi slametan. Mula saka kuwi, masyarakat isih nganakake tradhisi-tradhisi Jawa kaya dene *Slametan Nyambung Tuwu Mantu*.

Tata Rakit Tradhisi Nyambung Tuwu Mantu

Tata rakit iki kawiwanan saka persiapan sadurunge slametan nganti acara slametan. Sadurunge nganakake *Tradhisi Nyambung Tuwu Mantu*, luwih dhisik wong kang arep nduwe gawe mantu nyepakake apa wae kang diperlokake sajroningadicara kasebut, kayata nemtokake dina, lan nyepakake ubarampe.

Adicara mantu dilaksanakake miturut tanggal, dina, lan sasi kang apik supaya ora ana alangan. Petung golek

dina kanggo temu manten ditindakake kanthi musyawarah antarane kaluwarga temanten lanang lan temanten wadon, ancuse supaya mangertenin naas kaluwarga. Dina naas kaluwarga kasebut ora kena kanggo mantu. Tuladhane dina naas kanggo kaluwarga calon temanten wadon Rebo Wage lan naas kanggo kaluwarga calon temanten lanang Senin Legi, sarta dina pasarane calon temanten wadon Jumat Wage lan calon temanten lanang Akad Paing. Sawise mangertenin dina naase kaluwarga temanten lanang lan wadon banjur ngetung dina kang apik kanggo mantu. Cara ngetunge kaya mangkene, neptu dina lan pasaran saka calon temanten lanang lan wadon digunggung banjur dikurangi telu-telu nganti turah loro utawa entek. Sawise turah loro utawa entek, banjur dijupuk dina lan pasaran kang enum. Tuladhane, yen calon temanten lanang lair ing dina Akad Paing, lan temanten wadon Jemuah Wage, dina kang apik kanggo mantu yaiku dina Akad Wage, Rebo Wage, utawa Kemis Wage, banjur dicocokake karo dina naas kaluwarga. Ing tuladha kasebut dina Rebo Wage ora kena kanggo mantu jalanan dadi dina naas saka kaluwarga calon temanten wadon, dadi dina kang bisa digunakake antarane dina Akad Wage lan Kemis Wage. Sawise iku banjur digoleki taun lan sasine kanthi dicocokake karo dina lan pasaran kasebut (ana ing lampiran 6). Ing kene tuladhane taun Be, sajroning setaun dina Akad Wage ora nemu sasi lan tanggal kang apik, dadi bisa dipestekake kang bisa digunakake yaiku dina Kemis Wage. Banjur digoleki maneh nganti ketemu dina Kemis Wage kanthi tanggal kang apik, yen ing tabel lampiran 6 kang nuduhake tanggal kang apik diwenehi tandha "B" tegese apik. Sajroning tabel kasebut, sasi kang apik kanggo dina Kemis Wage ana ing sasi Jumadilakhir utawa Rejeb (*wawancara karo informan, Bapak Mahmudi, 24 Juni 2013*).

Ing Desa Gilang, petungan kang umum kanggo golek dina kang apik yaiku nggunakake petungan kang kalebu gagrag Mojopaitan. Itungan iki bedha karo itungan gagrag Yogyakarta. Dadi bisa dipertekake yen *Slametan Nyambung Tuwu Mantu* kaleksanan sedina utawa rong dina sadurunge temu manten, yaiku yen temu dina Kemis Wage, adicara slametan kaleksanan dina Selasa Paing utawa Rebo Pon.

Dene ubarampe kang kudu dicepakake sajroning *Slametan Nyambung Tuwu Mantu* antara liya *ambengan sega gurih, pitik ingkung, sambel goreng, kacang, srondheng, ambengan sega wara, jangan manggul, gedhang setangkep, kembang boreh, jenang abang, jenang sengkala, buceng kuwat, sega jemukan, sega golong, buceng papat, sekar setaman*, lan *jajan arak-arak*. Ubarampe-ubarampe kasebut nduweni makna tartamtu lan kudu ana sajroning *Slametan Nyambung Tuwu Mantu*.

Adicara sabanjure yaiku slametan. Slametan iki kaleksanan sedina utawa rong dina sadurunge temu manten. Sawise para undhangan teka lan ubarampe siap, banjur sesepuh utawa tukang ngujubake miwitiadicara slametan kanthi macakake donga ujaban. Wong kangujubake *Slametan Nyambung Tuwuh Mantu* biyasane yaiku dukun mantan utawa wong sepuh kang wis kulina ngujubake slameten-slametan. Kaya kango diandharake dening Bapak Budiono ing ngisor iki:

"Para sesepuh ingkang sampun mumpuni seserepanipun ing babagan adat tata cara Jawi ingkang sampun lumampah". (Bapak Budiono, 28 April 2013)

Wong kangujubake slametan kasebut kudu wong kango nduweni kaluwihan ing babagan basa, lan nduweni seserepan ngenani tradhisi Jawa. Satemene pawongan kang wasis ing babagan basa lan gelem nyinai tradhisi Jawa uga bisa ngujubake slametan. Sawise donga ujaban diwacakake banjur ubarampe kang ana didum rata lan dibagekake marang tamu undhangan.

Ubarampe Tradhisi Nyambung Tuwuh Mantu lan Maknane

Ubarampe sajroning tradhisi iki bakal kaandharake ing ngisor.

1. Ambengan Segar Gurih

Ambeng sega gurih nduweni makna kanggo sesukur marang Gusti amarga Gusti paring rejeki marang manungsa. Saliyane iku kanggo pangeling eling dening manungsa jalaran Gusti wis paring bandha donya kang barokah marang manungsa. Kaya kango diandharake Bapak Danu:

"Ambeng sega gurih kuwi mratandhani rasa syukure manungsa marang berkahe Gusti. Ya kanggo tandha sesukur anggone manungsa nampa rejeki utawa paring eling marang mugrahaning Gusti saka rohman, rohim, ya akehe bandha donya, barokah kang tumiba marang manungsa". (Bapak Danu, 13 April 2013)

Mula saka kuwi sajroning *Slametan Nyambung Tuwuh Mantu* iki mesthi nggunakake ambengan sega gurih, jalaran wong kango nganakake slametan nduweni rasa syukur marang apa kango wis diolehi.

2. Pitik Ingkung

Ubarampe pitik ingkung nduweni makna kanggo pangeling-eling marang murahe Gusti anggone paring rejeki marang manungsa. Kaya andharan iki:

"Ingkung kuwi minangka sesaji kanggo ngelingi murahe Gusti. Iki ngono minangka tebusane manungsa anggone eling marang agunge panguasane Gusti. Ya isa diarani kanggo sesukur ngono lho ndhuk". (Bapak Danu, 13 April 2013)

Pitik kasebut biasane diingkung kanthi sirah noleh ing mburi. Babagan kasebut nduweni makna supaya

manungsa iku tansah eling marang apa kango wis kelakan. Kanthi mangkono ubarampe pitik ingkung sajroning *Slametan Nyambung Tuwuh Mantu* iki, diajab supaya manungsa urip ing alam donya iku tansah nduweni rasa syukur marang apa kango wis diolehi.

3. Sambel Goreng

Sambel goring nduweni makna kanggo ngaweruhi golonge rasa saka kanca rowang kang teka lan kang ditekani. Ubarampe iki nggamarake rasa bebarengan antarane dhayoh kang padha teka lan wong kango nduweni kajat. Babagan kasebut cundhuk karo andharan iki.

"Sambel goreng ngono maknane ngene ndhuk kuwi ngono kanggo golenge rasa kanca rowang sing teka lan sing ditekani". (Bapak Danu, 13 April 2013)

Bisa diweruhi yen sajroning sambel goreng dhewe nggunakake maneka werna bumbu kang nduweni rasa asin, legi lan uga pedhes. Bab kasebut kaya nggamarake apa kango dirasakake dening manungsa sajroning urip, ana kango ngalami kedadeyan nyenengake, nyedhihake, lan uga nyusahake. Mula saka kuwi manungsa diajab bisa urip rukun, senajan dumadi saka maneka werna sipat.

4. Srondeng

Srondeng nduweni makna yaiku minangka tugase manungsa marang apa kango diprentahe Gusti, sarta supaya ora owah apa kango wis dadi tugase manungsa urip ing alam donya lan akhirat. Kaya andharan iki:

"Srondeng ngono nduk nduweni teges yaiku minangka sesanggemane titah utawa manungsa marang prentahe Gusti, supaya ora owah lan gingsir janji marang sesanggemane urip ing donya lan akhirat". (Bapak Danu, 13 April 2013)

Manungsa minangka mahluk ciptaan Gusti kang paling sampurna dijangkepi kanthi akal lan pikiran. Manungsa nduweni tugas kanggo nglaksanakake prentahe Gusti, kaya dene prentah kanggo sembahyang, ndedonga marang Gusti, ngedohi sakabehe larangane, sarta prentah kanggo njaga alam donya saisine.

5. Kacang

Kacang nduweni makna kang nggamarake sepira akehe cacah pikiran manungsa lan dongane manungsa kasebut tansah kinabulan punyuwune, sarta gangsar ora ana alangan apa-apa sajroning nduweni kajat. Kaya andharan iki:

"Kacang kuwi gandhengane srondeng. Maknane ngene supaya sapira akehe cacah pikire manungsa lan dongane manungsa kuwi kinabulan punyuwune, gangsar rancak tinemu gampang anggone nduwe kajat". (Bapak Danu, 13 April 2013)

Andharan kasebut nuduhake, yen kacang kasebut minangka sarana kanggo nyuwun marang Gusti supaya

apa kang dadi kajate wong kasebut tansah lancar lan kinabulan apa kang dadi sedyane.

6. Ambengan Segawa

Ubarampe ambengan sega wara nduweni makna tartamtu yaiku kaya kang diandharake dening informan ing ngisor iki.

“Ambengan sega wara maknane ngene ndhuk, jene lan seta, yaiku kanggo ngaweruhu bilit kawite manungsa wiwit bapa Adam lan ibu Hawa” (Bapak Danu, 13 April 2013)

Ubarampe iki minangka gegambaran kanggo ngaweruhu mula bukane anane manungsa. Manungsa mono minangka anak turune Nabi Adam lan Ibu Hawa. Kanthi nggunakake ambengan iki diajab supaya manungsa iku eling marang sapa kang nyiptakake lan mangerteni yen manungsa iku katurunane Nabi Adam lan ibu Hawa.

7. Jangan Manggul

Jangan manggul dumadi saka godhong so, tala tawon, puyang, lan kluwih. Jangan manggul iki nduweni teges kanggo ngrukunake kanca rowang, kang diewangi lan kang ngewangi supaya tansah rukun. Kaya kang diandharake *informan* ing ngisor iki:

“Jangan manggul kuwi kanggo ngrukunanke kanca rowang, kang diewangi lan kang ngrewangi” (Bapak Danu, 13 April 2013).

Jangan manggul iki asale saka tembung *jakho mangkola waallahua’lam*, banjur dadi jangan manggul. Jangan manggul kasebut minangka sarana kanggo donga marang Gusti Allah. Ing jangan manggul iki nggunakake tala tawon kang nduweni pangajab supaya anggone nduwe gawe mantu dayohe akeh kaya dene tawon kang manggon ing tala kasebut. Dene nggunakake kluwih diajab supaya rejekine wong kang nduwe gawe tansah linuwih ora kurang sawiji punapa.

8. Gedhang lan Kembang Boreh

Gedhang setangkep nduweni makna kanggo ngaweruhu tangkepe rasa loro yaiku lanang lan wadon, bumi lan langit, lan ngaweruhu dumadine jagad loro yaiku awan lan bengi. Saliyane iku kanggo ngaweruhu sandhang pangane manungsa utawa sinebut sri sedana jaka sadana. Gedhang setangkep uga nduweni makna kanggo ngaweruhu Siti Fatimah, yaiku minangka ibu bumi. Gedhang setangkep iki minangka sarana kanggo metri wong wedok.

Dene kembang boreh nduweni makna sarana ngaweruhu roh-roh para leluhur, saka nenek moyang nganti tumekaning wong kang nduwe kajat.

9. Jenang Abang

Jenang abang diwastani jenang sepuh jalaran kanggo nyepuhi utawa kanggo mandhekake apa kang dadi kajate

wong kang nganakake slametan kasebut. Mandhekake ing kene nduweni maksud supaya tansah kinabulan apa kang dadi kajate kang nduweni kajat. Jenang abang utawa jenang sepuh kuwi katujokake marang sesepuh utawa para leluhure wong kang nduweni kajat. Jenang abang uga kanggo mantepake niyat kajat pawongan kang nganakake slametan supaya apa kang dadi niyat lan kajate kinabulan dening Gusti Kang Maha Kuwaswa.

Ana uga kang mastani yen jenang abang iki kanggo ngaweruhu lambang bilit kawite manungsa saka ibu utawa gegambaran saka getih abang. Jenang abang iki nduweni maksud kanggo pakurmatan marang wong tuwa supaya paring donga pangestu, saengga nemu kabegjan lan kaslametan. Mula saka kuwi, jenang abang iki uga diwastani kanthi jenang sepuh.

10. Jenang Sengkala

Jenang sengkala nduweni makna kanggo tolak balak, balake wong kang nduweni kajat sarta balak saka calon temanten. Ing kene wong kang nganakake slametan nduweni pangajab supaya Gusti Kang Maha Kuwaswa nebihake sakabehing rubeda lan tansah paring keslametan.

Jenang sengkala uga kanggo nulak balak bangsane lelembut kang asring ngganggu gawe manungsa, sarta kanggo ngruwat kala, bisa kala dina, kala sasi, lan kala taun. Babagan kasebut kaya kang kaandharake dening Bapak Danu iki.

“Jenang sengkala kanggo nulak balak bangsane lelembut kang jarah jinarah, jail methakil kang ngganggu gaweyane manungsa, sarta kanggo ngruwat kala, kala dina, kala sasi, kala taun, tunggak jati supaya slamet” (Bapak Danu, 13 April 2013)

Andharan ing dhuwur kasebut bisa dimangertenin yen kanthi jenang sengkala diajab wong kang nduweni kajat tinebehna saka sakabehing sengkala, tinemu kabegjan anggene nduweni kajat mantu wiwit dina iki nganti salawase.

11. Buceng Kuwat

Makna sajoning buceng kuwat yaiku supaya tansah kuwat lan slamet ngadhepi bebaya agung, sarta ngadhepi panguwasane Gusti. Kaya andharane Bapak Danu iki.

“Buceng kuwat kuwi maknane ngene ndhuk, ngaweruhu sagunging dumadi yaiku supaya kuat lan slamet ngadhepi bebaya agung, panguwasane Gusti, supaya tetep slamet mengku rahayu wilujeng.” (Bapak Danu, 13 April 2013)

Buceng kuwat iki katujokake kanggo wong kang isih urip. Wong urip iku mesthi bakal ngadhepi sakabehe prakara-prakara kang gegayutan karo urip bebrayan. Mula saka kuwi, kanthi nggunakake buceng kuwat kasebut diajab manungsa bisa kuat anggone ngadhepi bebaya lan tansah slamet wilujeng.

12. Segajemukan

Ubarampe iku gunane kanggo mantepake niyat kajate wong kang nduwe gawe. Segajemukan sakembaran digunakake ing *Slametan Nyambung Tuwuh Mantu* jalaran nduweni makna yaiku kanggo ngaweruhi gumelaring asal usule manungsa kang dumadi saka titis, tetes, tinuwuh. Saliyane iku, ana rasa ngrumangsani saka gedhene barokah saka Gusti, saengga bisa kasembadan, lan barokah bandha donya, sarta slamet anggene mapan ing donya iki. Babagan kasebut kaya kang kaandharake dening informan iki.

“Segajemukan sakembaran ki gandhengane endhog lan sambel goreng ndhuk. Iki nduweni makna kanggo ngaweruhi gumelaring asal usule manungsa kang winengku cacah telu yaiku titis, tetes, tinuwuh. Ana rasa pangrasa ngrumangsani saka gedhene barokahe Gusti, supaya asih lan kasembadan nampa barokahing Gusti, yaiku awujud cahya telu, putih, kuning, lan biru, iku mujudake barokahe Gusti, bandha donya, raja aji, katentreman, lan slamet lungguh ana cakrawala yaiku bumi. Ngono ndhuk makname segajemukan ki”. (Bapak Danu, 13 April 2013)

Andharan kasebut nuduhake, yen manungsa urip ing alam donya nduweni rasa syukur marang barokahe Gusti kang wis tumiba marang pawongan kasebut. Kanthi segajemukan iki diajab donga lan rasa syukure pawongan kang nganakakeadicara tambah mantep lan diijabahi dening Gusti Kang Maha Kuwasa.

13. Segagolong

Ing *Slametan Nyambung Tuwuh Mantu* iku nggunakake sega golong kang cacahe ana 9. Ing kene ana kang ngarani yen sega golong cacah sanga iku minangka gambaran saka babahan hawa sanga kang ana ing diri manungsa.

Sega golong kasebut nduweni makna supaya manungsa iku padha gumolong, nyawiji dadi siji, sarta supaya tansah rukun. Kaya kang diandharake dening Bapak Mahmudi.

“Golong maksude supaya padha gumolong, wong kuwi lek gak gumolong tambah tukaran. Iki kabehe pitu utawa sanga”. (Bapak Mahmudi, 14 April 2013)

Kantri sego golong diajab manungsa bisaagumolong, nyawiji dadi siji, lan ora ana tukar padu, saengga kacipta kahanan kang rukun. Saliyane iku, sega golong kasebut kaladekake kantri sambel goreng lan rujak timun. Sambel goreng lan rujak timun nduweni makna supaya anggene nampa berkah saka Gusti aja nganti nampa sandhungan sadawane urip, mugiya rahayu slamet uripe.

14. Buceng Papat lan Geneman Jeroan

Buceng papat kasebut nglambangake wong tuwa loro lan manteun kekalih. Miturut Bapak Danu buceng papat iki minangka pathok buwang, maksude minangka pathokane jagad yaiku lor, kidul, etan lan kulon. Dene sinandhingan geneman maknane supaya manungsa iku tansah nglaksanakake rukun iman kang kabehe ana nem. Kaya andharan iki.

“Buceng papat maknane ngene iku minangka pathok buwang, pathokane jagad yaiku lor kidul, etan lan kulon. sinandhingan geneman yaiku kang diarani pancer, geneman maksude lumakua enem sajroning urip yaiku kang diarani iman, utawa rukun iman. Ning endi wae papan parane tansah pinaringan rejeki kang kasebut sadulure manungsa sing lair bareng sakwat kaki among, nini among, kakang kawah adi ari-ari, limane pancer yaiku wujud manungsa, awujud alip madeg ing tengahé asuwung, maknane lailaha ilallah yaiku jenggere manungsa”. (Bapak Danu, 13 April 2013)

Andharan ing dhuwur, bisa dimangertenin yen ing *Slametan Nyambung Tuwuh Mantu* nggunakake ubarampe buceng papat minangka sarana kanggo nyuwun rejeki marang Gusti Kang Maha Kuwasa. Ing kene, manungsa diajab nduweni iman kang kuwat lan tansah nglaksanakake prentahe Gusti lan ninggalake sakabehe larangane Gusti.

Buceng papat uga nggamarake wong tuwa loro lan calon temanten loro. Minangka anak kudu tansah ngabekti marang wong tuwa, kaya apa kang diprentahake dening Gusti Kang Maha Kuwasa. Sakabehe tumindake anak, yen oleh palilah lan restu saka wong tuwa bakal ndadekake barokah ndonya lan akhirat. Mula saka kuwi, ing kene diajab palilah lan restu saka wong tuwa kanggo nikahake calon temanten, saengga anggone jeodhowan bisa barokah nganti kaki-kaki lan nini-nini.

15. Sekar Setaman

Ubarampe sekar setaman ing *Slametan Nyambung Tuwuh Mantu* dumadi saka kembang kenanga, kembang mawar, puring, lancur, andong, tulak, lan anakane wit gedhang. Mula saka kuwi ubarampe iki mesthi ana ingadicara slametan nyambung tuwuh, jalaran dumadi saka tetuwuhan. Sekar setaman iki mujudake sarana kanggo ngaweruhi gumelaring manungsa, yaiku saka sarining bumi. Saka sakabehane tethukulan, gegodhongan, kayon, lan wit-witan iki nggamarake sipat-sipat kang diduweni dening manungsa yaiku daya, cipta, rasa, karsa, cahya, akal, lan pikiran. Kaya andharan iki.

“Sekar setaman kuwi kanggo ngaweruhi gumelaring manungsa, saka sarining bumi, geni, banyu, lan angin. Tethukulan, gegodhongan, kayon, lan wit-witan yaiku ngaweruhi sipat kang cahya yaiku pitung werna cacahe, antarane daya, rasa, cipta, karsa, cahya, akal, lam pikiran. Sing diarani

obah musiking manungsa, diarani mejikuhibuniu, yaiku abang, jingga, kuning, hijau, biru, nila, lan ungu, kuwi ngono nglambangake getih, ulu, kulit, otot, daging, balung, lan sungsum utawa dayane manungsa". (Bapak Danu, 13 April 2013)

Kantri nggunakake ubarampe sekar setaman iki diajab pawongan kang nganakake *Slamtean Nyambung Tuwu Mantu* mangerten iki asal-usule yaiku saka sarining bumi. Sakabehe tetuwuhan kang ana ing ubarampe iki nggambareke sipat-sipat kang diduweni dening manungsa.

16. Jajan Arak-arak

Jajan arak-arak iki minangka tembung sanepan kang nduweni makna supaya tansah diarak rejekine lan keslametane. Kaya andharan iki.

"Jajan arak-arak, kuwi saka tembung sanepan, supaya diarak rejekine lan keslametane". (Bapak Mahmudi, 14 April 2013)

Jajan arak-arak uga kango sarana supaya sawernane pagodan kang awujud reridu utawa balak tansah tinebihna saka wong kang nganakake slametan. Ing kene nduweni pangajab supaya Gusti Kang Maha Kuwasa tansah paring kaslametan. Kaya andharan ing ngisor iki.

"Jajan arak-arak kuwi dumadi saka keleman, opak angin, brondong, gula gimbal, gula gising, gedhang, nagasari, pipis, kupat luwar, iwel-iwel, sinanggan ripih. Maknane yaiku sawernane pagodan awujud reridu utawa balak, supaya badar, gagar, ligar, ora ngganggu kawulane ngalah kang awujud manungsa, dumadi dina pitu, pasaran lima, wuku telung puluh, ilange balak supaya lumaku slamet". (Bapak Danu, 13 April 2013)

Sajroning nganakakeadicara mantu iki, wong kang nduwe kajat nduweni pangajab supaya dicara kang dianakake kalaksanan kantri lancar lan rejekine arak-arakan kaya dene jajan arak-arak iki. Saliyane iku, pawongan kasebut uga nduweni pangajab supaya anggone mantu ora ana alangan lan tansah slamet.

Nilai Filosofi sajroning Tradhisi Nyambung Tuwu Mantu

Tradhisi Nyambung Tuwu Mantu iki minangka upacara adat kang wis dadi pakulinane masyarakat Desa Gilang sadurunge nduwe gawe mantu. Tradhisi iki ngandhut nilai filosofi. *Falsafah* uripe wong Jawa yaiku arupa apa wae kang bisa njlentrehake alur-alur pandhangane jagad, sawijining kapitayan kang *dihayati* minangka nilai kang dadi panyurung sajroning uripe wong Jawa (Endraswara, 2012:45). Saliyane iku, miturut Sutrisno (sajroning Saryono, 2011:72), *filsafat* Jawa minangka *filsafat Timur* kang nyuguhake dalan kango nggayuh tujuwan urip manungsa yaiku dalan supaya tansah slamet lan dalan tumuju kasampurnane manungsa.

Kantri tembung liya, *filsafat* Jawa iku nyuguhake sawijining pedhomane urip.

Nilai filosofi sajroning *Tradhisi Slemetan Nyambung Tuwu Mantu* nggunakake panemu saka Saryono. Panemu saka Saryono yaiku nilai *filosofis* Jawa minangka nilai kang kaiket dening samubarang kang bener lan kang pener, sarta diperlokake dening manungsa Jawa kango nggayuh kaslametan lan kasampurnane urip. Ing kene bisa dimangerten iki yen samubarang kang bener lan pener miturut *filosofis* Jawa yaiku miturut nilai *kemapanan, keselarasan, lan bebarengan*. Supaya luwih cetha ngenani nilai filosofi *Tradhisi Nyambung Tuwu Mantu* bakal kaandharake ing ngisor iki.

1. Nilai Kemapanan

Wong iku diarani mapan yen nduweni kahanan kang apik, ora goyah, lan mantep uripe utawa manggon ing papan kang prayoga (Moeliono, 2001:715). Nilai kemapanan manungsa Jawa ana gayutane karo rasa mantep marang samubarang kang trep karo papan, ukuran, hak-kuwajiban, lan sapanunggalane ing alam semesta. Sajroning nilai kemapanan iki uga ana owah-owahan, nanging sipate kango ningkatake lan nyempurnakake kemapanan kasebut. Owah-owahan ing kene lumaku sethithik mbaka sethithik. Kaya ing *Tradhisi Nyambung Tuwu Mantu* iki uga ngalami owah-owahan ing babagan donga utawa ujubane. Kaya andharan iki.

"Yen dak pikir owah-owahan jaman saiki sawise tinemune Islam ing tanah Jawa, yaiku sathukule Wali iku mulai ana owah-owahan. Yen mbiyen nggawe cara Hindu terus diterusake Budha, tekane Islam iku mau mung enenging donga-donga kang dijupuk saka ayat2 suci Al Qur'an". (Bapak Danu, 13 April 2013)

Andharan kasebut bisa dimangerten iki yen masyarakat ing Desa Gilang tansah njaga lan nglestarekake kabudayan, kaya dene *Tradhisi Nyambung Tuwu Mantu*. Masiya tradhisi iki ana sadurunge agama Islam mlebu ing tanah Jawa, nanging masyarakat nganti saiki isih nganakake tradhisi iki sadurunge nduwe gawe mantu. Babagan kasebut dumadi jalanan miturut wong Jawa tradhisi iki kudu dianakake sadurunge nduwe gawe mantu supaya ora ana rubeda sajroning nduweni kajat. Kaya andharan iki.

"Tumprape ing tanah Jawa kudu dileluri soale wis kena sabda jagad ing tanah Jawa, nanging saliyane ing tanah Jawa ora". (Bapak Danu, 13 April 2013)

Miturut budaya Jawa, nilai kemapanan iki diwujudake kantri nilai pepesthen, *keteraturan* utawa nilai kang tumata, lan keajegan. Samubarang kang wis pesthi, tumata, lan ajeg, berarti wis mapan. Suwalike uga kaya mangkana, samubarang kang wis mapan bisa

diarani wis pesthi, tumata lan ajeg. Ing *Tradhisi Nyambung Tuwu* iki uga nduweni nilai pepesthen, nilai kang wis tumata utawa *keteraturan*, lan nilai keajegan, kang bakal kaandharake ing ngisor iki.

a. Nilai Pepesthen

Pepesthen nduweni teges dalan urip kang wis digarisake dening Gusti (Moeliono, 2001:835). Miturut wong Jawa, pepesthen ana gayutane karo samubarang kang wis cetha, trep lan mesthi, saka sakabehe uripe manungsa. Ing kene uga ana gayutane karo rukun iman kang kaping enim yaiku manungsa wajib percaya marang sakabehe kang ditakdhirake dening Gusti Allah lan ora bisa dirubah dening sapa wae. Sajroning urip, manungsa mung bisa ngupaya, nanging mung Gusti kang bakal mesthekake lumakune uripe manungsa kasebut.

Ing *Tradhisi Nyambung Tuwu* Mantu uga nduweni nilai pepesthen yaiku wis dadi pesthine yen wong urip iku jejodhowan antarane lanang lan wadon. Kanthi dianakake *Slametan Nyambung Tuwu* Mantu iki mratandhani yen arep anaadicara mantu. Kaya andharan iki.

"Kaki temanten lan nini temanten ingkang nglaksanakaken akad nikah ing dinten uga dipun paringi kawilujengan, kesehatan lahir batinipun, saged guyub rukun anggenipun bebrayan, lan saged barokah akad nikahipun, rejekinipun, kaluwarganipun, yuswanipun, dipun jodhohaken ngantos kaki-kaki saha nini-nini." (Bapak Mahmudi, 10 April 2013)

Kutipan ujub ing dhuwur nuduhakeadicara *Slametan Nyambung Tuwu* Mantu iki minangka upaya saka manungsa kanggo nyenyuwun marang Gusti. Manungsa mono mung bisa nyenyuwun marang Gusti supaya anggone jejodhowan tansah pinaringan keslametan, rejeki, kesehatan lair lan batin, sarta tansah guyub rukun anggone bebrayan nganti kaki-kaki lan nini-nini.

b. Nilai Keteraturan

Tumata utawa teratur yaiku sawijining kahanan kang urut lan runtut (Moeliono, 2001: 75). Nilai *keteraturan* iki nyakup samubarang kang rapi, beres, sarta samubarang kang runtut lan asipat tetep. Nilai *keteraturan* kasebut bisa dicakake lumantar pamikiran, pamawas, kapitayan, pitutur, tumindak, lan solah bawane manungsa, saengga bisa njaga, nyengkuyung, nglindungi, lan ningkatake *keteraturan* alam donya lan manungsa.

Ing tradhisi iki nilai *keteraturan* ana ing tata rakite tradhisi, kang kapisan yaiku golek dina kang apik kanggoadicara mantu, kaping pindho nyepakake ubarampe kang diperlokake kanggo slametan, lan kang pungkasanadicara slametan. *Slametan Nyambung Tuwu* Mantu kaleksanan sedina utawa rong dina sadurunge temu mantan. Tata rakit kasebut wis tumata wiwit biyen nganti tumekan saiki. Kaya andharan iki.

"Ya pertama digoleki dinane kanggo kajatane, misale kajate dina kemis legi, dadi manggulan bisa dilaksanakake dina rebo kliwon. Sing diarani manggulan ki ya ngono kuwi dilaksanakake sadurunge hari H ngono lho. Yen acara intine ya mung ubarampe dicepakake terus dikajatne banjur didum rata ya mung ngono kuwi". (Mbah Sumar, 27 April 2013)

Andharan kasebut nuduhake, yen *Slametan Nyambung Tuwu* Mantu mesthi dianakake sedina utawa rong dina sadurunge temu mantan. Masyarakat ing Desa Gilang nduweni kapitayan yen sadurunge nduwe gawe mantu ora golek dina kang apik lan ora nganakake slametan bakal nemu alangan sajroning mantu.

Slametan Nyambung Tuwu uga wis dadi padhatan. Masyarakat ngrasa lega jalaran wis nglaksanakake apa kang dadi adat istiadat, saengga ora oleh *sanksi sosial* utawa dadi rasan-rasan tangga teparo.

"Kuwi ngene krana kuwi wis dadi umum, aku ya wis ngrasa lega merga persyaratan kaya ngono kuwi wis tak cukupi, saliyane ngono wong njaba uga dadi masalah soale yen arep mantu ora nyambung tuwu ya dadi rasan-rasan. Rasa lega kuwi mergane wis bisa lepas saka apa kang dadi angen-angen". (Mbah Sumar, 27 April 2013)

Andharan kasebut nuduhake, yen sajroning *Tradhisi Nyambung Tuwu* Mantu uga nduweni nilai *keteraturan*. Masyarakat nganakake slametan kanthi suka rila lan ora ninggal padhatan. Tumindak masyarakat kang kaya mangkono mujudake tumindak kanggo nyengkuyung, njaga, lan nglestarekake nilai *keteraturan*.

c. Nilai Keajegan

Ajeg yaiku tetep, tumata, ora owah lan tansah lumaku (Moeliono, 2001:17). Nilai keajegan manungsa Jawa yaiku lumaku, semulur kanthi ajeg, tumata, terusterusan, lan nduweni pola kang ana gayutane karo alam donya lan manungsa Jawa. Samubarang kang pesthi lan teratur bakal nuwuhake keajegan.

Tradhisi kasebut uga ngandhut nilai keajegan. Masyarakat Jawa ajeg nglaksanakake slametan nyambung tuwu sadurunge mantu minangka tandha yen pawongan kasebut arep nduwe gawe mantu.

"Yen awake dhewe kuwi wong Jawa ya piye ya wong arep nduweni kajat apa wae kan ya kudu disambung tuwu, kayata arep ngedekake omah ya disambung tuwu, mantu ya nyambung tuwu, tingkepan ya disambung tuwu, pitonan ya disambung tuwu. Dadi wong nduwe gawe sadurunge tumpak ing gawe, nekakake dulur-dulur, biasane mesthi ditakoni "arep nyapo?", "iki arep manggulan, nyambung tuwu arep nduwe gawe". Maksude ngono supaya kabeh ki ngerti yen dheweke arep nduwe gawe mantu. (Mbah Sumar, 27 April 2013)

Andharan ing dhuwur nuduhake, yen slametan nyambung tuwu kuwi ajeg dilaksanakake nalika sadurunge mantu, ngedekake omah, tingkepan, lan sapiturute. Masyarakat isih nganakake tradhisi kasebut jalaranan slametan mujudake sarana kanggo nyenyuwun marang Gusti supaya apa kang dadi niyat kajate tansah dikabulake, sarta kanggo menehi tandha yen pawongan kasebut arep nganakake mantu. Wong kang nganakake *Slametan Nyambung Tuwu Mantu* uga nduweni pangajab supaya anggone mantu kalaksanan kanthi lancar lan ora ana rubeda.

2. Nilai Keselarasan

Ing kene nilai keselarasan bisa diwujudake kanthi laras, imbang, edipeni. Wong Jawa percaya yen samubarang kang ana ing alam donya lan manungsa iku secara alamiah ana ing kahanan kang laras, imbang, lan babag. Kahanan kang laras iki minangka *teras* nilai filosofi Jawa. mula saka iku kudu dijaga lan dilestarekake. Nilai keselarasan iki bisa dijaga lan dilestarekake kanthi tumundak kang jatmika, rukun, kurmat, lan edipeni. Babagan kasebut bakal kaandharake ing ngisor iki.

a. Nilai Kejatmikan

Jatmika mujudake tumindak kang sopan santun tingkah lakune lan solah bawane (Moeliono, 2001:462). Nilai kejatmikan iki miturut wong Jawa ana gayutane karo rasa simpatik, grapyak, semanak, blater, sumeh, lan merak ati marang alam donya lan mligine marang manungsa sapadha-padha. Nilai kejatmikan dicakake dening manungsa Jawa sajroning pangucapan, tumindak, lan solah bawa tanpa matesi kalungguhan, kelas, lan status sosial ekonomine.

Ing *Tradhisi Nyambung Tuwu Mantu* iki uga ngandhut nilai kejatmikan. Babagan kasebut ana ing wong kang melu slametan. Wong kang diundhang gendhuren ing kene maneka warna status sosiale, nanging kabeh mau padha lungguh bebarengan kanggo nyekseni apa kang dadi kajate wong kang ngundhang. Ing acara iki wong kang biyasane jarang nglumpuk bebarengan malih bisa nglumpuk lan kahanan kasebut bisa ngraketake paseduluran.

"Slametan iki intine kanggo nyiptakake karukunan, wong sing diundhang gendhuren ora mung tangga sing sugih wae, nanging kabeh tangga, ya sing sugih ya sing ora duwe kabeh diundhang. Slametan ki lak trike wong tuwek jaman ndhisik supaya tansah ketemu, tansah silaturahmi." (Mbah Sumar, 27 April 2013)

Andharan kasebut nuduhake, yen masyarakat nduweni nilai kejatmikan. Kanthi tumindak masyarakat kang gelem nekani acara nalika diundhang bakal nuwuhake rasa grapyak, kompak, lan bisa padha-padha

kenal, saengga bisa nuwuhake rasa kang kepenak lan bisa njaga nilai keselarasan iki.

b. Nilai Kerukunan

Nilai kerukunan iki gegayutan karo rasa kompak, rasa bebarengan, damai, lan urip ayem. Miturut Kayam (sajroning Saryono, 2011:87) rukun yaiku ana sajroning kahanan kang laras, ayem, tanpa ana padudon, lan nyawiji kanthi maksud ngrewangi.

Ing *Tradhisi Nyambung Tuwu Mantu* iki uga ana nilai kerukunane. Wong kang diundhang gendhuren padha teka bebarengan kanggo nyekseni niyat kajat mantu wong kang ngundhang. Kanthi anane slametan iki diajab wong kang teka bisa guyub rukun lan ora padu. Babagan kasebut bisa dimangerteni nalika slametan iki durung diwiwiti, para undhangan padha gayeng anggene jejagongan. Andharan Mbah Sumar iki uga bisa nguwatake yen kanthi slametan iki bisa nuwuhake rasa rukun antar tangga teparo.

"Kaping pindho slametan iki intine kanggo nyiptakake karukunan. Slametan ki lak trike wong tuwek jaman ndhisik supaya tansah ketemu, tansah silaturahmi, slametan iki mung sawijining syarat ya ra masalah." (Mbah Sumar, 27 April 2013)

Tradhisi slametan wis kawiwitana saka jaman biyen minangka warisan para leluhur. Wong tuwek jaman biyen nganakake slametan ora mung kanggo sarana nyenyuwun marang Gusti wae, nanging uga kanggo nyiptakake kerukunan tumrap para undhangan.

Rasa guyub rukun iki ora mung ditindakake dening para bapak-bapak kang slametan wae, nanging uga ibu-ibu kang dikongkon rewang. Para ibu kanthi rukun ngewangi masak lan nyepakake ubarampe slametan. Wis dadi adhate wong kang urip ing padesan yen ana tangga teparo nduweni kajat mesthi tulung tinulung. Rasa rukun uga digambarake sajroning ubarampe slametan, kayata ing ubarampe jangan manggul, sambel goreng, lan sega golong. Kanthi mangkono, nilai kerukunan ora luntur saka uripe masyarakat Jawa.

c. Nilai Pakurmatan

Kurmat yaiku ngajeni, tumindak sopan, lan bisa ngrumangsani (Moeliono, 2001:408). Wong Jawa kudu ngajeni lan kurmat marang wong liya lumantar tumindak, pangucapan, lan solah bawane. Rasa kurmat iki biyasane ngenut tingkat sosial budaya, kelas sosial, lan status sosial ekonomi, kayata yen karo wong kang luwih tuwa kudu nggunakake basa krama. Kanthi dicakake ing urip saben dina, nilai pakurmatan bakal tetep kajaga.

Nilai pakurmatan ing *Tradhisi Nyambung Tuwu Mantu* ana ing ubarampe kang digunakake kanggo slametan. Ubarampe kasebut nduweni tujuwan kanggo caos kurmat marang Gusti Pangeran, Nabi Muhammad lan sohabat, para Wali lan Syeh, Bapa Adam lan Ibu

Hawa, ibu bumi utawa kawastanan ibu Fatimah, sarta cikal bakal Desa Gilang. Kaya andharan iki.

“Sekul suci ulam sari lan sedaya ambengan saperlu panjenengaken ingkang nggadhahi kajat, ingkang mbejaji kangege sodakoh dhateng kula lan panjenengan sami, dene manfaatipun sodakoh dipun tujokaken dumateng junjungan kita Nabi Agung Muhammad SAW. saha para sohabat sekawan, ugi Abu Bakar, Usman, Umar, Sayidina Ali, lan caos hormat bekti dumateng ibu Fatimah sedaya ingkang dipun kurmati, safangatipun kawilujengan kaki temanten lan nini temanten ingkang nglaksanakaken akad nikah. Menghormati malih wontenipun dinten kalih, rina kalawan dalu, Bapa Adam lan Ibu Hawa, lan sodakoh malih dumateng Syeh Syubakir, sedaya para Wali, lan cikal bakal dhusun Gilang lan leluhuripun Bapak Yani niki”. (Bapak Mahmudi, 10 April 2013)

Sakabehe ubarampe kasebut ora liya katujokake minangka rasa syukur lan kurmat marang Gusti Kang Maha Kuwasa kang wis paring kanugrahan marang manungsa. Manungsa uga kudu kurmat marang nabi, sohabat nabi, wali lan syeh jalaran panjenenane minangka utusane Gusti kanggo nyempurnakake akhlake manungsa.

Dene nilai pakurmatan saka tumindake para tamu undhangan yaiku para undhangan gelem teka menyangadicara kango dianakake dening kang nduwensi kajat jalaran rasa kurmate para undhangan marang wong kang ngundhang. Wong urip minangka makhluk sosial kudu tansah ngurmati sapadha-padha, yen ana undhangan gendhuri wajib ditekani. Wong iku yen diundhang gendhuri banjur gelem teka, bakal ndadekake bungahe wong kang ngundhang. Dene wong kang ngudhang rumangsa diajeni jalaran wong-wong kang diundhang padha gelem nekani adicarane. Senajan wong kang diundhang ora cocok karo adat slametan, nanging kudu tetep teka yen diundhang gendhuri. Babagan kasebut kanggo ngurmati lan gawe mareme wong kang ngundhang. Rasa kurmat kasebut ora mung katujokake marang sapadha-padha, naning uga marang Gusti Pangeran, alam sekitar, lan sapanunggalane.

d. Nilai Edipeni

Nilai edipeni iki uga dianggep penting jalaran bisa nyengkuyung nilai kejatmikan, nilai kerukunan, lan nilai pakurmatan kanggo njaga nilai keselarasan. Nilai edipeni bisa diwujudake sajroning basa, tari, kriya, lan manungsa. Saka ragam lan tindak turut basa Jawa kasebut nuwuhake kaendahan tartamtu. Saben manugsa Jawa dituntut bisa ngecakake nilai edipeni kasebut sajroning tuturan, tumindak, lan solah bawa, saengga bisa nuwuhale keselarasan.

Nilai edipeni sarjoning *Tradhisi Nyambung Tuwuuh* iki ana ing basa kang digunakake dening tukang kajat sajroning ngujubake slametan.

“Wong ngujubake kuwi pokok ngerti ambenge, basane pinter, omong pinter mesthi bisa ngujubake. Basa ing ujaban disusun sing apik supaya penak dirungokake. Ngujubake ya disesuwekake karo ubarampene”. (Bapak Mahmudi, 10 April 2013)

Basa ujaban dirantam kanthi basa kang endah saengga kepenak yen dirungokake. Ngujubake kudu dilarasake karo ubarampe kang digelar kanggo slametan. Basa kang endah kasebut karantam kanthi tujuwan kanggo nyenyuwun marang Gusti supaya tansah diijabahi apa kang dadi panyuwune.

Sajroning basa ujaban iki uga ngandhut nilai kaendahan jalaran dumadi saka akulturasni budaya. Ing kene bisa dideleng basa kang digunakake minangka campuran saka basa Arab lan basa Jawa. Donga-donga sacara Jawa kasebut ngalami owah-owahan sawise agama Islam mlebu ing tanah Jawa. Babagan kasebut cunduk karo andharan iki:

“Tekane Islam iku mau mung ana ing donga-donga kang dijupuk saka ayat-ayat suci Al Qur'an”. (Bapak Danu, 13 April 2013)

Andharan kasebut nuduhake, yen budaya Jawa keprabawan dening agama Islam. Sadurunge agama Islam mlebu ing tanah Jawa, donga-donga ujaban isih nggunakake cara Hindu, nanging satekane agama Islam masyarakat wis ngalami owah-owahan. Babagan kasebut bisa ndadekake nilai kang endah., jalaran masiya basa kang digunakake sajroning ujaban kasebut minangka campuran saka basa Arab lan basa Jawa nanging tetep kepenak yen dirungokake.

3. Nilai Bebarengan

Miturut wong Jawa, minangka makhluk sosial manungsa ora bisa urip ijen, mesthi mbuthuhake wong liya, saengga bisa nuwuhake rasa bebarengan. Tumindak-tumindak kang dilakoni dening manungsa kaya dene ngalah, tulung tinulung, lan ora mentingake awake dhewe nggamarake pentinge lan ajine rasa bebarengan. Bebarengan banget dipentingake lan diajeni dening wong Jawa jalaran wong Jawa yakin yen rasa bebarengan bisa nuwuhake kemapanan lan keselarasan, kang banjur bisa ndadekake keslametan lan kasampurnan. Saben wong Jawa diajab bisaa dadi sedulur, gelem tulung tinulung, lan gelema gotong royong saengga nuwuhake rasa tentrem lan ayem. Babagan kasebut nggamarake yen nilai bebarengan bisa dicakake kanthi kekeluargaan, tulung tinulung, gotong royong, lan katentreman. Nilai bebarengan sajroning *Tradhisi Nyambung Tuwuuh Mantu* bakal kaandharake ing ngisor iki.

a. Nilai Kekeluargaan

Nilai kekeluargaan wong Jawa iki gegayutan karo rasa paseduluran, kekadangan, manunggal rasa antarane alam donya lan manungsa saengga kaya dene kaluwarga. Wong Jawa percaya yen sakabehe alam donya lan manungsa iki sakaluwarga, tuladhané konsep sedulur papat lima pancer, kanggo nggamarake unsur-unsur kang ana ing awake manungsa, sarta konsep paseduluran kanggo nggamarake pentinge kekeluargaan.

Nilai kekeluargaan uga ana ing masyarakat kang nganakake *Tradhisi Nyambung Tuwuh Mantu*. Saliyane nduweni tujuwan kanggo nyuwun kaslametan, kelancaran, lan sarana kanggo sodakoh, tradhisi iki uga kanggo ngraketake paseduluran antarane para undhangan. Ingadicara iki para sedulur lan tangga teparo, mligine bapak-bapak, padha teka kanggo melu adicara *Slametan Nyambung Tuwuh Mantu*, dene ibu-ibu padha rewang nyepakake ubarampe slametan lan nyepakake samubarang kang diperlokake kanggo mantu.

“Dadi wong nduwe gawe sadurunge tumapaking gawe, nekakake dulur-dulur, biasane mesthi ditakoni “arep nyapo?”, “iki arep manggulan, nyambung tuwuh arep nduwe gawe”. Maksude ngono supaya kabeh ki ngerti yen dheweke arep nduwe gawe mantu.” (Mbah Sumar, 27 April 2013)

Andharan kasebut nuduhake, yen anane adicara iki tangga teparo lan dulur-dulur padha nyekseni anggene nduwe gawe mantu. Ing kene bisa dimangertenin yen tradhisi iki uga bisa ngraketake paseduluran, yen biyasane antarane dulur siji lan sijine ora tau nglumpuk bareng, ing adicara iki bisa makumpul kanggo nyekseni anggone sedulure nduwe kajat mantu anake. Semono uga karo tangga teparo, yen biasane ora tau kumpul bareng, kanthi anane slametan iki bisa kumpul karo tangga teparo liyane, saengga nuwuhake rasa kekeluargaan.

b. Nilai Tulung Tinulung

Nilai tulung tinulung iki ana sesambungan karo rasa padha butuhe, nyambut gawe bebarengan, padha mbuthuhake, lan padha-padha ngrewangi sakabehe unsur kang ana ing alam donya lan manungsa. Wong Jawa percaya yen anane samubarang kang ana ing alam donya utawa manungsa iki bakal lestari jalaran anane tulung tinulung. Nilai tulung tinulung ana gayutane karo piwulangan lan tradhisi, kayata tulung tinulung, sak dulur kudu tulung tinulung, nempil, sambatan, rewang, lan tetulung layat.

Sajroning *Tradhisi Nyambung Tuwuh Mantu* uga ngandhut nilai tulung-tinulung. Nilai kasebut bisa dideleng nalika sadurunge adicara, antarane wong siji lan sijine tansah tulung tinulung anggone nyepakake kaperluwan kanggo slametan lan mantu. Ubarampe *Slametan Nyambung Tuwuh Mantu* uga dicepakake dening wong-wong kang rewang.

“Sing masak lan sing nyiapake ya ibu-ibu sing rewang nduk, ngono kuwi ya enek sing mandhu ben ora ana ubarampe sing kurang, biasane sing apal ngenani ubarampe kanggo slametan nyambung tuwuh mantu kuwi wong-wong sepuh”. (Mbah Sukar, 22 Mei 2013)

Manungsa minangka makhluk sosial kang ora bisa urip dhewe tanpa pambiyantu saka wong liya. Mula saka kuwi yen ana tanga teparo kang lagi repot mesthi padha tulung tinulung. Kaya ing *Slametan Nyambung Tuwuh Mantu* wong-wong padha tulung tinulung ing babagan olah-olah lan nyepakake ubarampe kanggo slametan.

c. Nilai Gotong Royong

Gotong royong yaiku nindakake samubarang kanthi cara bebarengan (Moeliono, 2001:312). Sikap gotong royong bisa dideleng kayata nalika rembug desa, kerja bakti, lan gugur gunung. Yen diawas saka budaya Jawa, gotong royong bisa ndadekake uripe masyarakat dadi makmur, mapan, lan slamet.

Nilai gotong royong uga ana sajroning *Tradhisi Nyambung Tuwuh Mantu*. Ing kene masyarakat padha gotong royong kanggo nyiapake papan kang bakal digawe slametan, nata meja lan ngetokake ubarampe kang bakal digawe slametan.

“Slametan iki ya bisa nuwuhake rasa guyub rukun, kayata nalika nata meja nalika sadurunge slametan kuwi ya ditindakake bebarengan, nyepakake ubarampe ing meja, terus nalika andum berkat ngono kae kan ya ditindakake bebarengan, biasane cah nom-noman sing tandange cepet”. (Mbah Sumar, 27 April 2013)

Masyarakat Desa Gilang kalebu masyarakat madya, katitik saka isih nindakake gotong royong marang kaluwarga lan tangga teparo nalika tangga utawa sedulur kasebut repot. Saliyane nyiapake papan kang bakal digawe slametan, nata meja lan ngetokake ubarampe, para sinoman uga gotong royong nalika andum berkat. Sakabehe ubarampe kang wis diujubake banjur didum rata diwadahi *marangan*, banjur didumake marang para undhangan kang teka. Sikap gotong royong iki bisa ndadekake rasa bebarengan antar masyarakat.

d. Nilai Ketentreman

Nilai katentreman iki gegayutan karo rasa tentrem, ayem, aman lan ora ana rasa wedi lair lan batin sajroning dhiri manungsa. Nilai katentreman iki nyengkuyung nilai kekeluargaan, tulung tinulung, lan gotong royong saengga bisa ndadekake rasa bebarengan. Manungsa Jawa percaya yen katentreman minangka syarat kanggo maujude rasa bebarengan kang makmur lan sejahtera.

Ing babagan tradhisi, katentreman bakal kacipta yen masyarakat wis nganakake apa kang dadi pakulinan, ing kene tuladhané *Tradhisi Slametan Nyambung Tuwuh Mantu*. Masyarakat percaya yen saben siklus uripe

manungsa kudu dislameti, salah sawijine yaiku nalika manungsa mantu.

“Kuwi ngene krana kuwi wis dadi umum, aku ya wis ngrasa lega merga persyaratan kaya ngono kuwi wis tak cukupi, saliyane ngono wong njaba uga dadi masalah soale yen arep mantu ora nyambung tuwuh ya dadi rasan-rasan. Rasa lega kuwi mergane wis bisa lepas saka apa kang dadi angen-angen.” (Mbah Sumar, 27 April 2013)

Masyarakat nganakake tradhisi iki jalanan nduweni kapitayan yen wis nganakake bakal tentrem ora nduweni tanggungan, sarta ora ana *sanksi* sosial saka masyarakat sakupenge. Rasa lega jalanan wis nganakake apa kang dadi tradhisi kang ana ing dhaerah kasebut. Ing kene masyarakat nduweni pangajab yen wis nganakake slametan bisaa slamet lan ora ana rubeda anggone mantu wiwit dina iki nganti salawase.

PANUTUP

Dudutan

Tradhisi Nyambung Tuwuh Mantu kaleksananan wiwit jaman biyen lan durung ana kang mangerteni mula bukane utawa asal-usule kanthi gamblang. Slametan iki minangka gambaran yen manungsa kuwi kudu nduweni sesambungan kang apik karo Gusti Kang Maha Kuwasa, lingkungan masyarakat lan alam sakupenge. Mula saka iku, senajan ora mangerteni kanthi gamblang mula bukane *Slametan Nyambung Tuwuh Mantu* masyarakat tetep nganakake.

Sajroning *Tradhisi Nyambung Tuwuh Mantu*, tata rikit kawiwanan saka persiapan sadurunge slametan nganti acara slametan. Sadurunge nganakake tradhisi kasebut, luwih dhisik nemtokake dina, lan nyepakake ubarampe. Slametan dianakake sedina utawa rong dina sadurungeadicara temu manten. Adicara kang ditindakake sawise para undhangan teka yaiku nyiapake ubarampe mau ing meja, banjur dikupeng para undhangan. Sawise kabeh siap banjur sesepuh utawa tukang ngujubake miwitiadicara slametan iku, lan yen wis mari anggone ngujubake sakabehe ubarampe kasebut banjur didum rata menyang marangan.

Ubarampe kang perlu dicepakake antara liya *ambengan sega gurih, pitik ingkung, sambel goreng, kacang, srondheng, ambengan sega wara, jangan manggul, gedhang setangkep, kembang boreh, jenang abang, jenang sengkala, buceng kuwat, sega jemukan, sega golong, buceng papat, sekar setaman, lan jajan arak-arak*. Ubarampe-ubarampe kasebut nduweni makna tartamtu. Sakabehe ubarampe kasebut kudu ana sajroning *Slametan Nyambung Tuwuh Mantu*.

Tradhisi Nyambung Tuwuh Mantu iki ngandhut nilai filosofi. Nilai filosofis Jawa minangka nilai kang kaiket dening samubarang kang bener lan kang pener, sarta

diperlokake dening manungsa Jawa kanggo nggayuh kaslametan lan kasampurnane urip. Ing kene bisa dimangerteni yen samubarang kang bener lan pener miturut filosofis Jawa yaiku miturut nilai *kemapanan, keselarasan*, lan bebarengan. Nilai kemapanan iki nduweni titikan kayata nilai pepesthen, keteraturan, lan keajegan. Nilai *keselarasan* disengkuyung dening nilai kejatmikan, kerukunan, kehormatan, lan nilai edi peni. Nilai bebarengan bisa diwujudake kanthi nilai kekeluargaan, tulung tinulung, kegotongroyongan, lan ketentreman.

Pamravoga

Kabudayan Jawa minangka kabudayan dhaerah kang mujudake kabudayan kang diduweni dening masyarakat Jaw. Kanthi anane kemajuwan *teknologi* lan *ilmu pengetahuan* bisa ndadekake tradhisi dhaerah bisa kageser kalungguhane. Mula saka kuwi, tradhisi Jawa, mligine *Tradhisi Nyambung Tuwuh Mantu* kudu diuri-uri lan dilestarekake.

Masyarakat minangka panyengkuyung anane kabudayan Jawa kudu tansah njaga kalestariane tradhisi kasebut. Salah sawijining cara kanggo nglestarekake yaiku ajeg nganakake tradhisi kasebut nalika ngepasi dina-dina mligi, kayata nalika arep nduwe gawe, ngedekake omah, nalika ana wong mati, lan sapiturute. Cara-cara kasebut mujudake sawijining cara kanggo ngenalake marang generasi enom, saengga generasi enom bakal mangerteni adat istiadat kang ana ing Jawa, saengga tradhisi kaya mangkono tetep lestari lan ora bakal cures.

Kanthalan dianakake panliten iki, diajab bisa kanggo nguri-uri identitas dhaerah, sarta minangka informasi supaya masyarakat bisa mangerteni lan mahami nilai-nilai kang kinandhut sajroning tradhisi kasebut. Saliyane iku, saka asile panliten iki bisaa kango inventarisasi lan dhokumentasi budaya, supaya kabudayan Jawa mligine *Tradhisi Nyambung Tuwuh Mantu* tansah lestari ing satengahe masyarakat.

Universitas Negeri Surabaya KAPUSTAKAN

Danandjaja, James. 1986. *Folklor Indonesia: Ilmu Gosip, Dongeng, Dan Lain-Lain*. Jakarta: Pustaka Grafitipers.

Endraswara, Suwardi. 2006. *Metodologi Penelitian Kebudayaan*. Yogyakarta: Gajah Mada University Press.

----- 2012. *Falsafah Hidup Jawa*. Yogyakarta: Cakrawala.

Geertz, Clifford. 1989. *Abangan, Santri, Priyayi Dalam Masyarakat Jawa*. Jakarta: Pustaka Jaya.

Herusatoto, Budiono. 2005. *Simbolisme Dalam Budaya Jawa*. Yogyakarta: Hanindita Graha Widya.

Koentjaraningrat. 1985. *Kebudayaan Mentalitas dan Pembangunan*. Jakarta: PT. Gramedia.

----- 1997. *Kebudayaan, Mentalitas, dan Pembangunan*. Jakarta: PT. Gramedia

Maran, Rafael Raga. 2000. *Manusia Dan Kebudayaan Dalam Perspektif Ilmu Budaya Dasar*. Jakarta: Rineka Cipta.

Moleong, Lexi J. 2002. *Metode Penelitian Kualitatif*. Bandung: PT. Remaja Rosdakarya.

----- 2011. *Metode Penelitian Kualitatif*. Bandung: PT. Remaja Rosdakarya.

Mustopo, M. Habib. 1989. *Ilmu Budaya Dasar*. Surabaya: Usaha Nasional.

Prasetya, Joko Tri. 2009. *Ilmu Budaya Dasar*. Jakarta: Rineka Cipta.

Saryono, Djoko. 2011. *Sosok Nilai Budaya Jawa: Rekonstruksi Normatif-Idealistik*. Malang: Aditya Media Publishing.

Soemodidjojo, R. 2008. *Kitab Primbon Betaljemur Adammakna*. Yogyakarta: Soemodidjojo Mahadewa.

Spradley, James P. 2007. *Metode Etnografi: Edisi Kedua*. Tiara wacana. Yogyakarta.

Sudikan, Setya Yuwana. 2001. *Metodologi Penelitian Kebudayaan*. Surabaya: Unesa Unipress.

Suwarni dan Widayati, Sri Wahyu. 2011. *Dasar-dasar Upacara Adat Jawa*. Surabaya: CV. Bintang.

Yana MH. 2012. *Falsafah Dan Pandangan Hidup Orang Jawa*. Yogyakarta: Bintang Cemerlang.

<http://id.scribd.com/doc/49073808/geografi>

<http://organisasi.org/daftar-nama-kecamatan-kelurahan-desa-kodepos-di-kota-kabupaten-tulungagung-jawa-timur-jatim>

<http://digilib.uin-suka.ac.id/3907/>

